Footbridge rinoda kuvakwa munaSharanhchwe River.

Zvikonzero zvekuti Rivakwe.

# Vemunharaunda irikuda kuvakwa bridge Vanedambudziko revana vechikoro, Varikuenda nekure uye Varikufira mumvura.

# Kubva muna April kusvika munaNovember munenge mune mvura shoma asi kubva munaDecember kusvika munaApril mvura inenge yave kunaya, ndipo panozara rwizi, mvura inoenda pamusoro pematombo poita mazerere, Vanhu Vanenge Vachiri kuzama kupinda vachiJamba matombo, ndipo paranotsvedza vachiwira mumvura, Saka ndiyo nguva inofa vanhu vakawanda, Panozobvawo January kusvika April runenge rwazara, ndipo paranenge Vavekuenda nekure.

# Panharaunda dzevana Vanobva kune, Vanonyanya kufamba vanofamba 8 kilometres kubva kudzimba dzavo vachienda kuchikoro.

# Vana vanoenda kuchikoro vanobvira pa5 years kusvika pa18 years uye vana varikufa ndivo Vadiki kubva pa5years kusvika pa10years

# Vana ava pavanofamba vachienda nekubridge Vazhinji vacho, kunyanya vechidiki, Vanosvika Vaneta nekufamba uye vanosvikorara muchikoro nekuti vanenge vaneta; nekuti vanomuka kusvika kuitira kubata nguva dzechikoro, Saka ndosaka Vazhinji vavo vachifoira.

# Kubvira makore ekare Vazhinji vaifira mumvura Vatisiri kuyeuka, asi kubva mugore ra2008 panevana vakawanda vakafira mumvura asi

- Vazhinji vacho tinovaziva nemazita avo uye nekuvavanogara.

+ Saka vana vakafa ndevava:-

1. Tanatswa tsuro aged 6 years
2. Stephen Bonga aged 14 years
3. Moses Chimupeni aged 9 years
4. Gibson chaparadza aged 50 years
5. James chikwanha agės 40 years
6. Chigutiro Nehumba aged 60 years
7. Songore aged 54 years
8. Artwel Chigaranasimbe aged 12 years
9. Dumba Chimuriwo aged 36 years
10. Felex Masarirambi aged 12 years akabatwa negarwe achiyambuka rwizi.
11. Shadrek Mazanhanga aged 34 ye akabatwa negarwe zvekare achida kuyambuka neparenimwe zambuko rinoyambukira veruzhinji.

+ Saka isusu tiri vatungamiriri venzvimbo iyoyi tanyora tsamba kunemi president veRotary Club Harare City kuti mutivakirewo Foot bridge.

+ Vana vanoaffectwa nerwizi urwu vanobva mumavillage anoti (i) Maponga (ii) Seke (iii) Tigere (iv) Chigaranasimbe (v) Nyekete.

+ Varikutaura vakamiririra nzvimba iyi ndevava.

1. Mapeni chidyamudungwe - Mapeni
2. Alexio Kuzwayo - Alexio Kuzwayo
3. Chamunorwa chasara - [signature]
4. Govenor Mugeri - [signature]
5. Soul Margolis. - [signature]